



DANJE NOU PA KA INYORE

gonm manjab



Sèvo adolesan an ap devlope anpil epi lap kontinye devlope jiska laj 25 an. Itilizasyon marigwana pandan adolesans ak jèn adilt ka domaje sèvo kap devlope a.

Malgre aparans òdinè li ki sanble ak sirèt, yon sèl gonm, bonbon oswa sirèt marigwana ka gen plizyè dòz THC ke yo ta rekòmande yon granmoun. Nenpòt moun ki manje yon THC antye - espesyalman yon timoun - ka fè eksperyans efè surdozaj tankou:


- ▶ Entoksikasyon
- ▶ Pèsepsyon chanje
- ▶ Anksyete
- ▶ Panik
- ▶ Paranoya
- ▶ Vètij
- ▶ Feblès
- ▶ Lang lou
- ▶ Move kowòdinasyon
- ▶ Dòmni anpil
- ▶ Apne (pa ka respire pou 10 segonn oswa plis)
- ▶ Pwoblèm kè

Risk pou anpwazònman

Manje dwòg pran plis tan pase fimen marigwana pou l fè yon efè. Sa fè li pi fasil pou pran yon pi gwo dòz aksidantèlman paske moun nan pap santi efè a imedyatman, epi jèn moun nan ka pran plis pou reyalize yon efè pi vit. Se sa ki lakoz surdozaj. Gen move bagay ki enplike nan itilizasyon kanabis tankou entènè lopital, andikap pèmanan, e menm lanmò.

Resous Adisyonèl

BetterWithout.it
ACT2SaveALife.org



Pran anpil prekosyon ak fo imitasyon



original



original



imitasyon



imitasyon



Me sa pou w veye:

○ Avètisman THC



(anpil nan yo ap sanble menm jan ak sirèt reyèl la epi yap sèlman ajoute avètisman THC a nan kwen an)

○ Grafik defòm

○ Chanje non/tòde mo

- Itilizasyon tèm (oswa varyasyon nan): Zeb, Kanabis, Medikaman, Wòch, Vwayaj, Pou Itilizasyon Medikal, elatriye.

○ Imaj fèy marigwana



Avètisman: Imaj nan foto ki anwo yo se egzanp pakè lapolis konfiske nan plizyè ka nan tout peyi a.

Remak: Plizyè manifaktirè ap aktyèlman fè fas a aksyon legal poutèt yo fabrike fo bonbon THC.